



Pou Piblikasyon Imedya: 02/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON KI DEKLARE AVRIL KÒM MWA
TIMOUN MILITÈ POU REKÒNÈT TIMOUN KI SEPARÈ AK YON PARAN KI AKTIF
NAN SÈVIS YO**

*Li mande pou yo limen moniman yo atravè Eta New York nan koulè violèt
dimanch 2 avril la*

*Depatman Sèvis Veteran Eta New York la pral òganize evènman vityèl ak an
pèsòn pandan tout Mwa pou Timoun Militè yo ak fanmi pa yo*

*Fanmi militè yo ka enskri pou evènman gratis yo lè yo voye yon imèl nan
DVSInfo@veterans.ny.gov*

Li pwoklamasyon an [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon [pwoklamasyon](#) ki rekonèt Avril kòm Mwa Timoun Militè epi li te mande pou yo limen moniman atravè Eta New York yo dimanch 2 avril la nan koulè violèt pou rekonèt timoun ki separè ak yon paran ki aktif nan sèvis li. Depatman Sèvis Veteran Eta New York la pral òganize evènman vityèl ak an pèsòn pou timoun militè yo ak fanmi yo pandan tout mwa a. Fanmi militè yo ka enskri pou evènman gratis yo pa imèl nan DVSInfo@veterans.ny.gov.

"Nouyòkè yo rete angaje pou asire ke yo wè manm Sèvis ki aktif yo, felisite yo, epi bat bravo pou travay eksepsyonèl yo fè nan non peyi nou an. **Gouvènè Hochul te deklare.** "Souvan sa vle di bon jan kalite tan ki pase ak fanmi yo pi presye. Mwen vle rekonèt ak remèsye fanmi manm Sèvis yo nan Mwa Timoun Militè sa a, epi mwen espere ke yo kapab jwi anpil evènman yo ofri atravè eta a."

Komisè Depatman Sèvis Veteran Eta New York la, Viviana DeCohen, te deklare, "Pèsonn pa konprann siyifikasyon sèvis ak sakrifis pi byen pase fanmi ak timoun militè nou yo. Chak jou, yo mande yo pou yo abandone sèten privilèj ke nou souvan pa konn valè yo. Nou onore pou nou kapab rekonèt ak selebre yo nan Mwa Timoun Militè a pou kontribisyon yo nan Eta ak Nasyon nou an."

Yo pral limen moniman sa yo aswè dimanch 2 avril la:

- One World Trade Center

- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall

Depatman Sèvis Veteran fè patenarya tou ak biznis ak enstitisyon yo atravè Eta New York pou òganize evènman vityèl ak an pèsòn sa yo pou timoun ak fanmi militè yo, tout sa yo gratis:

- **1:00 p.m. samdi 22 avril (sou entènèt ak an pèsòn): Vizit eksklizif USS Slater nan Albany** - USS Slater se dènye Eskòt Destriktè ki rete flotan nan Etazini. Eksplòre bato a tout antye apati sal motè a rive nan pasrèl kapitèn lan, aprann ki jan lavi a te ye pou Maren yo ki te sèvi abò Slater a pandan Dezyèm Gè Mondyal la, epi gen yon ide sou sa devwa chak jou ou te ka ye si ou te yon manm nan ekipaj la nan moman sa a.
- **12:30 p.m. dimanch 23 avril (sou entènèt ak an pèsòn): Vizite ti bebe jimo elefan Azyatik la nan Rosamond Gifford Zoo nan Syracuse** - Zou a fèk akeyi ti bebe jimo elefan Azyatik la. Fè yon vizit gide nan zou sa a epi vizite jimo yo ak lòt bèt ki abite la.
- **10:00 p.m. samdi 29 avril (sou entènèt ak an pèsòn): Vizit prive nan Yankee Stadium nan Bronx** - Vizite kèk pati nan pak enblematik sa a ke anjeneral se sèlman jwè pwofesyonèl yo ki wè li. Pral gen opòtinite foto enkwayab pou moun ki planifye ale nan pèsòn.
- **12:30 p.m. dimanch 30 avril (sou entènèt ak an pèsòn): Vizit prive nan Oheka Castle nan Cold Spring Harbor** - Chato sa a ki estil fransè a sitiye nan mitan 179 ekta tè sou pwèn ki pi wo nan Long Island. Pandan laj dore a nan ane 1920 yo, chato a te sèn fèt ekstravagan ak regilyèman li te divèti wayote, chèf deta, ak atis Hollywood yo. Apre sa pita li te sèvi kòm kote yon lekòl fòmasyon pou gouvènman an pou operatè radyo Maren Machann yo.

Enfòmasyon sou Depatman Sèvis Veteran yo

[Depatman Sèvis Veteran Eta New York la](#) la, ki sèvi kòm ajans defans eta a pou veteran yo, militè yo, ak fanmi militè yo depi 1945, kenbe yon angajman nan tout ajans lan pou sèvi tout veteran yo, militè yo, ak fanmi militè yo nan yon pakèt domèn pratik,

ki gen ladan reklamasyon ak kontestasyon pou avantaj ki soti nan Depatman Zafè Veteran Etazini, kontestasyon pou mizajou sou dechaj bay Depatman Defans (Department of Defense, DOD) Etazini an, ak reklamasyon pou avantaj Eta New York yo. Yo ankouraje Veteran yo, manm sèvis yo, ak fanmi militè yo pou yo kontakte Depatman an nan [888-838-7697](tel:888-838-7697) oswa [vizite sitwèb li a](#) pou rankontre an pèsòn oswa vityèllman — ak yon Konseye Avantaj Veteran ki akredite pou adrese bezwen yo epi pou yo jwenn tout avantaj yo genyen yo.

Swiv DVS sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

Lòt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)